

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh maké metode deskriptif analisis nya éta metode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkalan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual kalawan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 2010 : 270).

Data anu dideskripsikeun téh nya éta sakabéh kecep pagawéan intransitif anu kapanggih dina novél *Mercedes 190* karangan Muh. Rustandi Kartakusuma.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu diapké dina ieu panalungtikan nya éta (1) téhnik ulikan pustaka jeung (2) téhnik analisis téks. Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara maca sarta neuleuman eusi buku-buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Sedengkeun téhnik analisis téks mah digunakeun pikeun nganalisis ngeunaan gambaran kecap pagawéan intransitif anu aya dina novél *Mercedes 190*.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal hasil atawa data anu diperlukeun sangkan bisa ngahontal tujuan anu dipiharep. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka.

Ari léngkah-léngah ngumpulkeun data tina sumber data, saperti ieu di handap:

- 1) Maca data dina sumber data;

Sarah Siddiqa Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 2) Nyalin data anu kaasup kecap pagawéan intransitif kana kartu data; sarta nangtukeun idéntitasna (judul/kaca/paragraf/baris); Milah-milah korpus dumasar kana ciri-ciri nu sarua;



- 3) Nganomeran korpus dina kartu data;
- 4) Mindahkeun data tina kartu data kana tabél atawa déskripsi data.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sakumaha anu geus ditétélakeun di luhur, téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis téks. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- 1) Dipasing-pasing dumsar kana (1) wangun kecap pagawéan intransitif salancar, rundayan atawa rajékan (2) fungsi infléktif atawa dérivatif harti kecap pagawéan intransitif salancar, rundayan atawa rajékan.
- 2) Sanggeus sakabéh korpus dipasing-pasing, eta papsingan dipindahkeun kana tabél data
- 3) Jumlah kecap pagawéan intransitif salancar, rundayan jeung rajékan anu geus dipasing-pasing téh diprésentasikeun sarta dijumlahkeun, kecap pagawéan intransitif salancar, rundayan, jeung rajékan naon waé anu frékuénsina leuwih loba jeung frékuénsina paling saeutik dipaké dina eta novél
- 4) Nyieun kacindekan tina kecap pagawéan intransitif anu ditalungtik.
- 5) Nyusun bahan pangajaran kecap pagawéan intransitif basa Sunda pikeun murid SMA.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Ku cara nyalin sakabéh kecap pagawéan intransitif kana kartu data anu geus disayagikeun. Kartu anu digunakeun dibéré idéntitas kaca, paragraf, jeung baris.

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
 Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Saterusna dipindahkeun kana tabél data anu dianalisis tina jihat wangun, fungsi, jeung harti.

Ieu di handap conto kartu data:

Tabél 3.2
Kartu Data


Kartu Data	
<u>Arulin</u>	(MRC /kaca /paragraf /baris)
Wangun	: awalan ar- / rarangkén hareup ar-
Fungsi	: Infléktif
	KP → KP
Harti	: Nuduhkeun Pagawéan

3.4 Desain Panalungtikan

Dina nulis laporan panalungtikan tangtu kudu aya sistematika panalungtikan, sistematika panalungtikan téh bisa disebut ogé desain panalungtikan. Desain panalungtikan ngawengku: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumen, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekan, (10) nulis laporan (Arikunto, 2010: 61). Sangakn leuwih jéntré léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan di handap.


Sarah Siddiqa Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



Sarah Siddiqa Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



3.5 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan téh nya éta timana asalna subjek data anu ditalungtik (Arikunto, 2010:172).

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kecap pagawéan intransitif anu aya dina novél *Mercedes 190* karangan Muh. Rustandi Kartakusuma anu kandelna 21cm x 13,5cm x 0,5cm. Novél *Mercedes 190* mibanda 7 episode, pamedal Girimukti Pusaka: Jakarta, citakan ka hiji taun 1993. Sakabéh kecap pagawéan intransitif tina eta novél dijadikeun populasi, sakabéh populasi dijadikeun sampel. Jadi, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total.

3.6 Wangenan Oprasional

Dina ieu panalungtikan ngawincik sawatara istilah-istilah anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan, di antrana nya éta:

- 1) Kecap pagawéan intransitif
Kecap pagawéan anu henteu mibutuh objék.
- 2) Novél

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

mangrupa karya fiksi anu ngébréhkeun aspék-aspék kamanusaan ku cara nonjolkeun watek jeung sifat unggal palakon sarta galur caraitana relatif panjang.

3) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran atawa materi pangajaran sacara garis badag ngawengku élmu pangaweruh, kaparigelan, sarta sikep jeung paripolah sisiwa dina prosés pangajaran sangkan luyu jeung kompetensi anu geus ditangtukeun.

4) Tilikan Struktur

Tilikan struktur dina ieu panalungtikan muserkeun kana wangun kecap pagawéan intransitif anu mangrupa kecap pagawéan intransitif salancar, rundayan, jeung rajékan.

5) Tilikan Semantis

Tilikan semantis dina ieu panalungtikan nya éta tatali harti kecap pagawéan intransitif salancar, rundayan, jeung rajékan.

Dumasar kana wangenan oprasional di luhur, anu dimaksud kecap pagawéan intransitif dina novél *Mercedes 190* karangan Muh. Rustandi Kartakusuma pikeun bahan ajar basa Sunda di SMA (tilikan stuktur jeung semantis) nya éta déskripsi ngeunaan jumlah, wangun, fungsi, jeung harti kecap pagawéan intransitif anu aya dina novél *Mercedes 190* sarta rarancang panagajaran pikeun murid SMA.

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu